



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D  
Biwo Sipèntandan an



30 Mas 2020

Nou Salye Kominote Lekòl Piblik Distri Orange lan,

Sante, sekirite, ak byennèt kominote lekòl nou an se pi gwo priyorite Konsèy Depatman Edikasyon, administrasyon, fakilte ak anplwaye nou yo nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange nou an. Mwen vle pran moman sa a pou'm remèsye tout moun ki gen enterè nan sa k'ap pase pandan moman sa a.. Sipò ou ak detèminasyon ou yo san parèy.

Nou rekonèt ke fèmte lekòl la kapab prezante you pwoblèm pou fanmi yo, men se pa yon bagay ke nou pran alalejè, men dapre Dekrè Egzekitif Gouvènè New Jersey a, nou dwe kontinye **aplike plan fèmten an ijans Lekòl Piblik Distri Vil nou an. Pòt Lekòl ak Biwo distri a ap rete fèmten jiska 17 avril 2020. Menm si bilding/biwo yo fèmten, pwogram ansèymanvityèl la ap kontinye kòm sa dwa.**

Li enpòtan pou nou pran nòt konsènan orè ki anba a jan nou te voye'l Vandredi a epi ki poste sou media sosyal nou yo:

- **Semèn 30 Mas la (Ansèyman a Distans yo ap kontinye)**
- **Semèn 6 Avril la (Ansèyman a Distans yo ap kontinye yo ap kontinye liska Jedi 9 Avril)**
- **Vandredi 10 Avril la, se Obsèvans Vandredi Sen (P'ap Genyen Ansèyman a Distans)**
- **De Lendi 13 Avril jiska Vanderdi 17 Avril, se resesyon/vakans Prentan (P'ap Genyen Ansèyman a Distans)**

N'ap kenbe tout fanmi ak anplwaye nou yo enfòm konsènan nenpòt dènye nouvèl pandan kontinyasyon ijans sante nou an ki gen rapò ak fèmten a nan tan ki apwopriye. Nou rekonèt enpòtans planifikasyon ak preparasyon lavni ka prezante epi n'ap asire ke nou pataje enfòmasyon avèk ou osito ke nou resevwa yo.

Li enpòtan pou paran ak elèv yo genyen aksè nan divès kalite sit ansèyman/aprantisaj vityèl yo nan tout lekòl yo, pwofesè yo, nivo klas yo, depatman yo, ak matyè debaz yo pou konsistans nan pwosesis la. Pwosesis pou navige nan Paj Resous Pwogram Pwolonje Ansèyman ijans Pwofesè a (pou enstriksyon lakay yo) li prezante konsa:

Vizite sit entènèt lekòl la – Fakilte -- (chwazi/seleksyone pwofesè a) – Tab Ansèyman/Aprantisaj Pwolonje a (oswa kontni ki sitiye dirèkteman sou paj dakèy pwofesè a).

N'ap kontinye evalye sitiyoasyon inik sa a epi n'ap bay kominote a dènye nouvèl yo atravè imèl, telefòn plon gaye, sit entènèt distri a, ak tribin/platfòm medya sosyal yo. Mwen ankouraje w pou swiv Lekòl Piblik Distri Orange lan sou Twitter, Facebook, ak Enstagram oswa vizite sit entènèt noun an nan [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us).

Pandan tan sa a, Lekòl Piblik Distri Vil Orange ap kontinye bay dejene/manje maten ak manje midi yo nan pwogram 'Grab-and-Go' nou an ki se "Pran epi Ale". Kòmansè depi Lendi 30 Mas la, men dènye aranjanman ke nou fè nan kote/liye n'ap fè distribisyon yo:

- OECC (genyen ladann elèv ki soti nan Cleveland Street School), ki sitye nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki sitye nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki sitye nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki sitye nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki sitye nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki sitye nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki sitye nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki sitye nan 369 Main Street

Li enpòtan pou ou sonje (pran nòt) jan nou te pataje enfòmasyon avèk ou nan telefòn plon gaye pandan fen semèn nan, ke elèv yo kapab rapòte nan nenpòt kote ki mansyone pi wo yo pou ale pran dejene/maten manje ak manje midi yo. Nou vle asire w ke elèv yo pa oblije vwayaje byen lwen pou ale pran bonjan repa yo a pou yo manje.

Nou pran angajman pou travay ak tout fanmi ak manm estaf/anplwaye nou yo nan lekòl distri a. Jan sa mansyone nan tout pwosesis sa a, jou ke elèv yo ta afekte nan yon fèmti ki gen rapò ak sante piblik, y'ap gen aksè a sèvis enstriksyon lakay, ki konsistan avèk direksyon ke Eta a bay, epi sa ap konte kòm yon jounen lekòl an konfòmite avèk egzijans 180 jou a dapre Lalwa NJSA18A: 7F-9 la.

Mwen vle di ou mèsè pou sipò kontinyèl ou nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Yon lòt fwa ankò, nou pran angajman pou nou asire sante ak sekirite tout moun ki gen enterè epi ki ki antre nan pòt nou yo. Enfòmasyon ki pi resan ki genyen rapò ak Koronavis la menm jan avèk mezi prevansyon yo afiche sou sit entènèt distri a, [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us), sou Paj Resous KOVID-19. N'ap kontinye mete sit entènèt distri a ajou kòm sadwa ofi e amezi nan genyen plis enfòmasyon ki disponib.

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèentandan Lekòl yo